**MODUL AJAR BAHASA JAWA**
**SESORAH**

## INFORMASI UMUM

1. **IDENTITAS SEKOLAH**
   a. Nama Penyusun : Teguh Wiyono, S. S.
   b. Nama Sekolah : SMA Negeri 1 Losari
   c. Tahun Pelajaran : 2024/2025
   d. Jenjang : SMA
   e. Fase/Kelas : F / XI
   f. Alokasi Waktu : 4 JP
2. **KOMPETENSI AWAL**
   Pada fase F, peserta didik mampu memahami sesorah
3. **PROFIL PELAJAR PANCASILA** (tidak harus semua, pilih sesuai dengan kegiatan pembelajaran)
   a. Bernalar kritis
   b. Mandiri
   c. Gotong Royong
   d. Kreatif
4. **SARANA DAN PRASARANA**
   Media : video, youtube, PPT
   Alat : proyektor, laptop, handphone
   Lingkungan Belajar : ruang kelas
   Bahan Bacaan : modul
5. **TARGET PESERTA DIDIK**
   Peserta didik reguler kelas XI
6. **MODEL PEMBELAJARAN YANG DIGUNAKAN**
   Discovery Learning

## KOMPETENSI INTI

1. **TUJUAN PEMBELAJARAN**
   a. Peserta didik mampu mengevaluasi informasi berupa gagasan, pikiran, perasaan, pandangan, arahan atau pesan yang akurat dari menyimak berbagai tipe teks nonsastra dalam bentuk sesorah
   b. Peserta didik mampu mengapresiasi dan mengkreasi informasi berupa gagasan, pikiran, perasaan, pandangan, arahan atau pesan yang akurat dari menyimak berbagai tipe teks nonsastra dalam bentuk sesorah
   c. Peserta didik mampu menanggapi teks yang disimak.
   d. Peserta didik mampu mengolah secara lisan berupa gagasan, pikiran, perasaan, pandangan, arahan atau pesan yang akurat melalui teks nonsastra dalam bentuk sesorah.
   e. Peserta didik mampu menyajikan secara lisan berupa gagasan, pikiran, perasaan, pandangan, arahan atau pesan yang akurat melalui teks nonsastra dalam bentuk sesorah.

2. **PEMAHAMAN BERMAKNA (manfaat yang akan diperoleh setelah mengikuti pembelajaran, manfaat tersebut nantinya dapat peserta didik terapkan dalam kehidupan sehari-hari)**
   a. Mengetahui apa iku sesorah
   b. Menganalisa isi sesorah

3. **PERTANYAAN PEMANTIK**
   a. Apa iku sesorah?
   b. Apa wae susunan sesorah?
   c. Apa tujuane sesorah?
   d. Kepiye isine purwakabasa ing sesorah?
4. **PERSIAPAN PEMBELAJARAN**
   Mempersiapkan materi, sumber referensi, merancang presentasi, checking kelas, sarana dan prasarana.
5. **KEGIATAN PEMBELAJARAN**

Pertemuan ke-1 (3x45 menit)

**A. Materi Ajar**

1. **Fakta**
   Teks sesorah
2. **Konsep**
   Pangertene sesorah
3. **Prinsip**
   a. Unsur sesorah
   b. Teknik maca sesorah
4. **Prosedur**
   Cara nulis lan tuladha sesorah

**B. Pendekatan dan Metode Pembelajaran**

- Pendekatan : Scientific
- Model Pembelajaan : Inquiry, Project Based Learning, Discovery Learning
- Metode : inkuri, diskusi, praktek, penugasan

**C. Media dan Sumber Belajar**

Media : player VCD, CD/VCD, power point
Alat : LCD, Laptop, Teks Sesorah Sumber
Belajar :

1. Widaryatmo, Gandung dkk. 2013. *Prigel Basa Jawa Jilid 1.* Jakarta: Erlangga
2. Sasangka, Sry Satriya TW. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta: Paramalingua
3. Darminto, dkk. 2010. *Kamus Besar Bausastra Jawa.* Jakarta: Kharisma
4. Tuladha Jangkep Sesorah
5. Internet

## D. Kegiatan Pembelajaran

| Kegiatan | Deskripsi | Alokasi Waktu |
|---|---|---|
| **Pendahuluan** | **1. Orientasi /Pembukaan**<br>- Guru membuka pembelajaran dengan berdoa, salam, dan menanyakan siswa yang tidak hadir<br>**2. Apersepsi**<br>- Guru melakukan apersepsi untuk mengaitkan materi yang telah dikuasai siswa dan yang akan dipelajari<br>- Siswa menerima informasi tentang materi sesorah<br>**3. Motivasi**<br>- Guru memotivasi siswa<br>- Siswa menerima informasi kompetensi, tujuan, dan manfaat mempelajari sesorah<br>**4. Pemberian acuan**<br>- Siswa menerima informasi sumber belajar yang bisa digunakan | 5’ |
| **Kegiatan Inti** | **Mengamati**<br>● membaca contoh teks *sesorah* | 75’ |
| | ● mencermati uraian yang berkaitan dengan struktur dan kaidah *sesorah*<br><br>**Menanya**<br>● mempertanyakan struktur dalam sesorah<br>● membuat pertanyaan yang berhubungan dengan teks *sesorah*<br><br>**Mengumpulkan informasi**<br>● menemukan pokok-pokok isi yang terkandung di dalam *sesorah*<br><br>**Mengasosiasi**<br>● menganalisis struktur dan kaidah<br>● mendiskusikan dalam pembuatan sesorah<br><br>**Mengomunikasikan**<br>● membacakan teks *sesorah* sesuai dengan kaidah | |
| **Penutup** | 1. Siswa mengumpulkan tugas materi yang telah dipelajari<br>2. Siswa merefleksi penguasaan materi yang telah dipelajari dengan membuat catatan / rangkuman / kesimpulan<br>3. Siswa mendengarkan arahan guru tentangrencana pembelajaran guru pada pertemuan yang akan datang | 10’ |

**Soal tes lisan**

1. Apa kang kok ngreteni babagan sesorah?
2. Jlentrehna struktur sesorah!
3. Aweha panemu tumrap andharan wos surasane sesorah kang dijlentrehake dening kancamu!
4. Wacakna sesorah kasebut ing ngarep klas!

**Keterangan pengisian skor**

Sangat tinggi

Tinggi

Cukup

Kurang

1 : tidak baik : < 60

| No | Nama Siswa | Kinerja Presentasi | | | Jumlah Skor | Nilai |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **kelancaran** | **Kebahasaan** | **sistematis** | | |
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |

| No | Nama | Cethaning pangucap (10-20) | Warna swara (10-20) | Irama (10-25) | Penjiwaan (1-5) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | |
| 2 | | | | | |
| 3 | | | | | |
| 4 | | | | | |
| 5 | | | | | |

2 : cukup baik : 61 – 70
3 : baik : 71 – 80
4 : sangat baik : 81 – 100

**Soal tes tertulis**

5. Gaweya sesorah kanthi tema kang wis ditemtokake!

| No | Nama | Keaslian (1-5) | Diksi (1-5) | Keruntutan (1-5) | Isi (1-5) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | |
| 2 | | | | | |
| 3 | | | | | |
| 4 | | | | | |
| 5 | | | | | |

**Ket :**
1 : tidak baik : 1 – 4
2 : cukup baik : 5 – 10
3 : baik : 11 – 15
4 : sangat baik : 16 – 20

**Kunci soal**

1. Sesorah kerep uga diarani denign babrayan agung minanga sesorah pambyawara, pranata adicara, pranata titilaksana, pranata laksitaning adicara utawi Master of Ceremony (MC). Regeng, nges lan orane sawijining adicara iku sebagean gehde dadi tanggungjawabe sesorah. Sesorah kuwi sawijining paraga(wong) sing duwe jejibahan nglantarake titilaksana (lakune) sawijining upacra adat.
2. Salam pambuka, puji syukur, sapa aruh, ancasing gati, panutup, lan salam penutup.
3. Kawicaksanan
4. Kawicaksanan

**LAMPIRAN**

**1.Pangerten**

Sesorah yaiku micara gagasan utawa panemu sarana lisan ana ngarepe wong akeh. Sesorah ana ing Bahasa Indonesia jenenge pidato. Sesorah iku katindhaake ana ing acara formal.Sesorah katindakake wong jawa.utamane menawa ana upacara adat.Upacara adat kang butuhake acara sesorah yaiku :

a.Upacara mantenan jangkep.
b.Sunatan ( Supitan )
c.upacara sedekah gunung, lan sapanunggalane.

**2.Jenis Pidhato/Sesorah**

a.miturut gunan, sesorah kabagi dadi piranh-pirang jinis, yaiku : sabdatama(sesorah tunggal),pambagyaharja(mahargya rawuhe tamu),tanggap wacana(sesorah kang kudu antuk tanggapan)
b.miturut ancase pidato
1.atur pambagya : sesorah kangge nampi rawuhipun para tamu,wonten ing acara menapa kemawon,umpaminipun:ing pahargyan (pesta),sukuran, lsp
2.alur kabar,pawarta utawi informasi
Informasi saget arupi palapuran utawi nyariosaken satunggale bab dhateng pamiaraa, pramila bab i gkang kawedharaken kedah gamblang/cetha.
Tuladha:sesorah ing rapat,promosi barang,lansakpanunggalane.
3.atur panglipur/hiburan ( ancasipun supadoa ingkang mirengaken remen penggalihipun)
Tuladha:ing layatan, atut saking pambela sungkawa.
4.Pangajak

Ancasipun supados ingkang mirengake pitados.kapilut manahipun saengga purun nindakaken menapa ingkang dipunwedharaken.
Tuladha: Panyuluhan Kesehatan

**3.Perangane Sesorah**
Supados anggenipun sesorah saget runtut,prayogane mangerteni rantamane sesorah.rantamane sesorah yaiku :
A.Uluk Salam(nuqun,kulanuwun, sugeng ndalu lan sanese )
B.Purwaka( puji syukur kagem gusti lan panuwun kagem para tamu)
C.Isi / wigatining atur ( ngandarake ancasing acara kang dipuntindakaken)
D.Pangarep - arep ( panyuwun utawi pangajeng - ajeng saking tiyang kang kagungan kersa dhateng para tamu )
E.Panutup(isi atur panuwun )

**4.Cengkorongane Sesorah**
Urutane Cengkorongan
a.salam pembuka ( ngucapake uluk salam)
b.purwaka(isine ucapan syukur)
c.isi/wigatining atur( bab apa wae kanv badhe diaturaken )
d.pangarep - arep ( isine bab kang diauwunake marang para tamune umpamane donga lan pitutur.

**Penilaian Proses dan Hasil Belajar**

| No | Nama | Kejujuran | Kedisiplinan | Tg.jawab | Santun |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | |
| 2 | | | | | |
| 3 | | | | | |
| 4 | | | | | |
| 5 | | | | | |

**Ket :**
Siswa yang jujur, disiplin, bertanggung jawab, dan bersikap santun : 1
Siswa yang tidak jujur, disiplin, bertanggung jawab, dan bersikap santun : 0
Nilai 4 = Sangat baik, 3= baik, 2 = cukup baik, 0-1 = kurang

**Penilaian Hasil**

- Teknik : Tes Lisan, Produk, dan Kinerja
- Bentuk : Penugasan mendengarkan, berdiskusi, menulis dan membaca sesorah
- Instrumen : Tes dan Nontes
- Kunci dan Pedoman penskoran

**LEMBAR KERJA SISWA**
Assalamualaikum Wr. Wb.

Kawilujengan saha kabagaswarasan mugya tansah kajiwa kasarira dumateng panjenengan sedaya dalasan kula.

Ingkang satuhu kinurmatan, Kepala Dinas Pendidikan dan Olahraga Kabupaten Grobogan, Kepala SMA Negeri 1 Wirosari, Muspika kecamatan Wirosari, Bapak/Ibu para rawuh dalasan kanca-kanca ingkang bagya mulya.

Saderengipun sumangga kula dherekaken monjukaken puja-puji syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT ingkang sampun paring kanikmatan saha rahmat, satemah ing wekdal menika kula panjenengan saged kempal ing papan kalenggahan menika saperlu hangrawuhi adicara wisuda purna siswa saha tutup tahun palajaran 2021/2022 kanthi pinayungan bagas waras nir ing rubeda.

Bapak Ibu para rawuh ingkang dahat kinurmatan,

Boten karaos bilih kula sakanca sampun tigang warsa dangunipun ngangsu kawruh wonten ing SMA Negeri 1 Wirosari ingkang kinasih menika. Salajengipun ing kalodhangan menika, kepareng kula minangkani sesulihipun kanca-kanca kelas XII badhe ngaturaken tetembungan saking telenging manah, sadangunipun kula sakanca ngangsu kawruh wonten ing SMA Negeri 1 Wirosari menika.

Kula sakanca ngaturaken agungin panuwun kanthi ikhlasing manah dhumateng bapak Kepala sekolah, minangka manggalaning pra Dwija SMA Negeri 1 Wirosari, bapak saha ibu dwija dalasan karyawan SMA Negeri 1 Wirosari ingkang sampun kersa nggula-wenthah kula sakanca kanthi raos sih katresnan, kacihna kanthi panggula-wentah kados ing kawah candradimuka menika kula sakanca saged nglampahi Ujian Nasional saha Ujian Sekolah kanthi sae.

Kula sakanca ngaturaken agunging samudra pangaksami dhuamteng bapak Kepala Sekolah, bapak ibu dwija saha karyawan SMA Negeri 1 Wirosari mbok bilih sadangunipun kula sakanca dipungula-wenthah ing kawah candradimuka menika kathah kalepatan arupi atur ingkang boten mranani, trapsila ingkang boten tata, lan saweneh kawontenan ingkang boten mantesi, saestu sepisan malih kanthi andhap asoring manah kula sakanca nyuwun lumunturing sih pangaksama.

Kula sakanca ugi nyuwun tambahing donga pangestu saking bapak ibu dwija dalah karyawan saha rayi kula ingkang samenika lenggah wonten ing kelas sedasa saha sewelas. Mugi-mugi kula sakanca saged nglajengaken wonten pawiyatan ingkang langkung inggil malih saha saged nggayuh gegayuhan ingkang dados pangimpen kula sakanca. Amin.

Ing wusana, kanthi tulusing manah kula sakanca namung saged ndherek dedonga mugi-mugi SMA Negeri Wirosari langkung misuwur saha dados pawiyatan ingkang migunani dhumateng bebrayan ageng ing tlatah Wirosari Kabupaten Grobogan. Amin.

Cekap semanten atur kula, mbok bilih wonten klenta-klentunipun atur awit saking kiranging seserepan kula ngengingi basa, sastra saha subasita, kula nyuwun sih samudra pangaksami. Nuwun.

Wassalamualaikum Wr. Wb.